

Kouman pou di chaplè Divin Mizerikòd la

Chaplè sa gen senk dizèn menm jan Granmèt Jezi te mande sè Fostin. Nou resite l sou yon chaplè nòmal. Pou nou kòmanse l, sou 3 premye grenn yo nou di yon sèl fwa: «*Papa nou ki nan syèl la*», «*Mari se pou w kontan*», ak «*Mwen kwè nan yon sèl Bondye*».

Sou 'Papa Nou' yo, nou di:

Bondye Papa a ou menm ki la depi tout tan e pou tout tan, nou ofri ou Kò, San, ak Nanm Pitit ou renmen anpil la, Granmèt nou Jezi Kri, an reparasyon pou peche nou yo ak pou peche tout moun k ap viv sou fas tè a.

Nan plas 'Mari se pou w kontan', nou di:

Poutèt tout soufri Li te soufri pou nou an, pitye pou nou ak pou tout moun kap viv sou fas tè a.

Aprè senk dizèn chaplè a, nap fini ak :

Bondye O! Se ou ki Sen, Se ou ki fò, Se ou ki Vivan pou tout tan, pitye pou nou ak pou tout moun k ap viv sou fas tè a.

Jezi nou fè w konfyans nèt ale. (3 fwa)

* * * *


Nan devosyon sa a li enpòtan pou moun konfese ak kominye.

Bondye mwen mande w padon pou tout peche mwen fè, paske ou se Bondye, ou se Mèt mwen, ou se Papa mwen, e peche fè w lapenn. M ap fè sa m kapab pou m pa rekòmanse ankò. Amèn

Kilès Sè Fostin Kowalska ye?

Sè Fostin te fèt 25 Out nan lane 1905, li se twayèm pitit nan yon fanmi ki gen 10 pitit. Se moun andeyò yo te ye e yo te pòv men yo te renmen lapriyè. Vil kote yo tap viv la rele Glogowiec, pawas li te rele Swinice Warckie pan peyi 'LaPologne'. Li tap travay kay moun kòm domestik. Aprè kèk ane, nan laj 20 tan, li te vin antre nan yon kouvan ki rele «Notre Dame de la misericorde» (manman kè sansib). Li te konn travay nan kwizin, li te konn okipe jaden epi tou se li ki te konn resevwa moun. Li te pase yon tan yon kote ki te rele Vilno, ak yon lòt kote ki te rele Plock. Bondye chwazi ti fi sa a, ki tap mennen yon vi tou senp, men li te konn lapriyè anpil. Li te fè kò l tou piti. Li pat gen gwo ledikasyon. Tankou Apot li yo, Jezi te ba li yon misyon pou tout tè a, pou fè tout moun konnen verite sa yo: «**Bondye gen yon kè sansib pou chak moun**». Se yon lòt jan pou nou mete yon konviksyon ki fò nan lespri nou, pou nou fè Bondye plis konfyans nan kè sansib li gen pou nou an. Sè Fostin te mouri nan dat 5 Oktòb 1938 nan kouvan an. Yo mete kadav li nan yon chapèl kote yo konn vin lapriyè devan imaj Jezi kè sansib la. Yo deklare Sè Fostin beni le 18 avril 1993 epi pap Jan Pòl II deklare li sen 30 Avril 2000 nan vil Wòm.

Fèt Mizerikòd Divine la selebre nan tout legliz dimanch apre Pak.



Chaplè Kè Sansib Bondye a

'Divine Misericorde'

Fè chak 3 zè apre midi a tounen yon abitud. Men yon priyè yon minit pou mande padon pou peche nou yo, lapè pou Peyi nou ak pou tout tè a chak jou a 3 zè nan lapremidi.

Twa zè nan apremidi, se lè «**kè sansib Bondye a**.» Se nan lè sa a Jezi Kri te mouri pou l te kab sove tout tè a. «3 zè se lè lapriyè a.»

O san ak dlo ki soti nan «kè sansib pou nou» ak pou tout moun, nou fè w konfyans nèt ale. Amen!

LA DIVINE MISÉRICORDE



JÉSUS, J'AI CONFIANCE EN TOI !

+O Non Papa ak Pitit la ak Lespri Sen an, Amen.

1. –Papa nou ki nan syèl la se pou yo respekte non ou se pou yo rekonèt se ou ki wa, se pou volonte ou fèt sou tè a tankou nan syèl la. Pen nou bezwen chak jou a ban nou li jodi a, padonnen sa nou fè ou, tankou nou padonnen moun ki fè nou kichòy. Pa kite nou pran nan pyèj, men delivre nou ak sa ki mal. Amen!
2. –Mari se pou ou kontan, ou menm ki pi plen lagras Granmèt la avèk ou, Li beni w pase tout fi e li beni Jezi Pitit ou fè a. Mari ou sen, ou se Manman Bondye. Nou se pechè, lapriyè pou nou jodi a ak lè nou prèt pou n mouri. Amèn!
3. –Mwen kwè gen yon sèl Bondye. Se Papa a, li gen tout pouvwa. Li kreye syèl la ak tè a, li fè tou sa moun wè ak tou sa moun pa wè. Mwen kwè gen yon sèl Granmèt: se Jezi Kri, sèl Pitit Bondye a. Li se Pitit Papa a, depi anvan tout tan Li se Bondye nan Bondye a, limyè nan limyè a, Bondye tout bon vre nan Bondye tout bon vre a. Li se Pitit, men se pa kreye yo te kreye li. Li se menm Bondye ak Papa a, se pa pouvwa li tout bagay fèt. Se pou tout moun, se pou l vin sove n, li desann sot nan syèl. Se pa pouvwa Lespri Sen an Kò li vin fèt nan vant Mari ki vyèj, e li tounen yon moun. Se poutèt nou toujou, yo kloure li sou yon kwa. Li soufri sou reny Pons Pilat, li mouri e yo antere li. Li desann kote mò yo te ye a. Sou twazyèm jou li leve, jan labib la te di. Li monte nan syèl e li chita adwat Papa a. Li gen pou l retounen avèk tout pouvwa li, pou l jije ni moun kap viv, ni moun ki mouri, e li va wa pou tout tan. Mwen kwè gen Lespri Sen an, li se Granmèt e li bay lavi. Li se Lespri Papa a ansanm ak Pitit la. Yo adore l ansanm ak Papa a sanm ak Pitit la, e li jwenn menm louanj avèk yo. Se li ki tap pale, lè pwofèt yo tap pale. Mwen kwè gen yon sèl Legliz Katolik, ki fè yon sèl kòt fanmi. Li Sen. E li la pou tout moun. Se sou Apòt yo li bati. Mwen rekonèt gen yon sèl batèm pou padonnen peche. M ap tann tout mò leve. Map tann lavi kap vini an. Amèn!

Nevèn Kè Sansib la

Premye jou a: Jodi a, w ap mennen pou mwen tout nanm kap viv sou tè a espesyalman tout pechè yo, epi plonje yo nan kè sansib mwen an. Se konsa ou va konsole kè mwen. Se konsa ou va konsole kè mwen ki plonje nan yon tristès poutèt nanm sa yo.

Dezyèm jou: Jodi a, mennen nanm tout Pè yo, Relijyez yo, wa plonje yo nan gwo kè sansib mwen an. Se yo ki ban mwen fòs pou andire tout soufrans anmè sa yo. Atravè yo tou na vide tout moun k ap viv sou fas tè a nan kannal kè sansib mwen an.

Twazyèm jou a: Jodi a, mennen nanm tout moun kap lapriyè ak tout fidèl wa plonje yo nan gwo kè sansib mwen an; nanm sa yo pote anpil konsolasyon nan mitan tout soufrans mwen yo.

Katriyèm jou a: Jodi a, mennen tout sila yo ki pa kwè nan mwen yo, sila yo ki pankò konnen mwen yo, mwen sonje yo tout nan tout soufrans mwen yo, tou sa yo pral fè apre konvèsyon yo ap konsole kè m, plonje yo tou nan basen kè sansib mwen an.

Senkyèm jou a: Jodi a, mennen nanm sila yo ki pa fin dakò ak lansèyman Legliz mwen ansanm ak sila yo ki pwoteste kont vre Legliz mwen an. Plonje yo nan gwo kè sansib mwen an, nan tout soufrans mwen yo, yo tap dechire kò m ak kè m, sa vle di Legliz mwen an, lè y a retounen vin fè Legliz mwen an fè youn, maleng mwen yo va geri, e se nan fason sa yo soufrans mwen yo va soulaje.

Sizyèm jou a: Jodia, mennen tout nanm ki fè kò yo tou piti epi ki dou, ansanm ak nanm tout timoun piti yo epi plonje yo nan kè sansib mwen an. Nanm timoun sa yo pi sanble ak kè mwen, se yo ki te ban mwen kouraj nan moman agoni anmè sa a; mwen te wè yo tap veye tankou zanj ki sou tè a kap veye sou lotèl mwen yo, yo vide sou mwen yon chay gras. Moun ki ka jwenn gras mwen se sila yo ki fè yo tou piti, se nanm ki fè yo piti ka jwenn konfyans mwen.

Setyèm jou a: Jodi a, mennen nanm tout moun ki onore e ki fè lwanj espesyalman pou Kè sansib mwen an e ki plonje yo nan kè sansib mwen an. Nanm sa yo gen plis konpasyon pou tout soufrans mwen yo, se yo ki antre pi fon nan lespri mwen. Yo se yon temwayaj nan kalite konpasyon m.

Wityèm jou a: Jodi a, mennen nanm ki nan prizon pigatwa yo, plonje yo nan gran basen kè sansib mwen an, se pou gran larivyè san m nan pote yon frechè sou brile yo a. Tout nanm sa yo koute m chè anpil anpil epi map fè yo jistis; mwen gen pouvwa pou m pote yon soulajman pou yo. Pran nan trezò Legliz mwen an ofri yo pou nanm sa yo. Si w te konnen soufrans yo, se tout tan ou ta ofri san rete tout ti sakrifis ou yo, epi ou ta peye dèt yo a nan jistis mwen an.

Nevyèm jou a: Jodi a, mennen tout nanm ki frèt yo, plonje yo nan fon kè sansib mwen an, se nanm endiferan sa yo ki blese kè m pi plis. Nan jaden Jetsemani an se nanm endiferan sa yo ki te fèm pi mal, se poutèt yo: mwen te di Papa m voye kalis anmè sa a lwen mwen, si se volonte w. Pou yo menm dènye espwa pou yo sove, se pou yo ta plonje nan kè sansib mwen an.